Зийўатдин Заматдинов

# ЖУМБАҚЛАР

ККг
мл 3-28



ЗИЙЎАТДИН ЗАМАТДИНОВ

ККР
М13-28



# ЖУМБАҚЛАР

***Жумбақлар, жаңылтпашлар, қосықлар***

Киши ҳәм орта мектеп жасындағы балалар ушын

9484
MA'LIMEME RESURS ORAYI
Республиканская детская библиотека

НӨКИС
„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН"
1997

10117

84 Кар 7
З. 28

**З. Заматдинов. Жумбақлар.—Жаңылпашлар, қосықлар** — Нөкис; Қарақалпақстан 1997-ж. 12-бет.

*Балалар ҳәм жас өспиримлер әдебиятлары бөлими.*

Зийуатдин Заматдинов бурыннан көзге түсип киятырған балалар шайыры.

Оның „Жумбақлар" атлы бул топламына ҳәр қыйлы атамадағы жумбақлары, жаңылтпашлары, қосықлары киргизилген. Соның менен бирге бул китаптың тили жеңил, қарапайым халық тилинде жазылған. Балалар ушын ҳәр тәреплеме тил жатлықтырыуға, сөз үйрениуде сана-сезимин өсириуге жүдә қолайлы.

$З\ \frac{4803270202-439}{М-357\ (04)-97}\ 47-97$

ISBN 5—8272—0064—6

©„Қарақалпақстан" баспасы 1997

## ЖУМБАҚЛАР

Қанты тесеQи,
Шөпти кеседи,
Болса да кишкене—
Жыл басы деседи.

(*Тышқан*)

Шақынан байланар,
Қазығында айланар,
Кимниң жылы екенин,
Билип алың балалар.

(*Сыйыр*)

Шубар тонлы болады,
Қәлеген аңды алады,
Басқалардан парқы тек,
Он еки жылда тууады.

(*Жолбарыс*)

Мантықпайды сууғада,
Жүре алмайды қырда ла,
Кимниң жылы балалар,
Жасайды көл, жылғада.

(*Улыу*)

Аяғы жоқ, қолы жоқ,
Үстинде я, тоны жоқ,
Кимниң жылы балалар,
Оратылар болып топ.

(*Жылан*)

Адым жерден табылады,
Гүздиң күни шабылады,
Басы толы сөк болады,
Қайсы бала тез табады.

(*Жантақ*)

Қайшы қулақ болады,
Жараға ем деп айтады,
Аўылда көп, ойланың,
Бунның аты не болады.

(*Атқулақ*)

Гүзде орып жыйнайды,
Түйек пенен айдайды,
Қайнатып ҳәм қуўырады,
Түйип алса не болады?

(*Тары, сөк*)

Жазлық деп жазда егеди,
Гүзлик деп гүзде егеди,
Тандырда нан боп писеди,
Кайсы бала тез шешеди.

(*Бийдай*)

Сүйеги қатты,
Шөплерден ашшы,
Ойланып көрин,
Не болады аты?

(*Қарабарақ*)

Өседи буралып,
Егинге оралып,
Ақ, қызыл гүли,
Моншағын жаратып.

(*Пәшек*)

Есилип жиптей өседи,
Жылына үш писеди,
Аппақ сүт бар өзинде,
Буны ким тез шешеди.

(*Сүтилмек*)

Атыз—шелде өседи,
Егиндей болып писеди,
Малына орып саласаң,
Буны ким тез шешеди.

(*Суўшигин*)

Басына кийер қалпақ,
Тигине өсер бирақ,
Писирсең аўқат болады,
Жауында шығар өзи-ақ.

(*Замаррық*)

Кирпиге түри уқсайды,
Шалғайыңнан услайды,
Өзи курттай болса да,—
Тикени оны қоршайды.

(*Ошаған*)

Жазда малға от болады,
Кыста үйди сыпырады,
Узын болып өседи ол,
Екпесең де көп шығады.

(*Сипсе*)

Ашық жерде жумалайды,
Кыста даўыл қуўалайды,
Самаллардан жасырынып,
Сай-саланы паналайды.

(*Қаңбақ*)

Жақын шөпке асылады.
Мамық пәри шашылады,
Ким шешеди балалар,
Аппақ көрпе жамылады.

(*Түйесиңир*)

Тоны қызыл, ети ақ,
Узын сүйир, жумалақ,
Ким шешеди балалар.
Гүзде жесең мазалы-ақ.

(*Жийде*)

Мойылдай қара,
Моншақтай ғана,
Ким жемесе жеп көрсин,
Аўзына жуғады сыя.

(*Қарамық*)

Моншаклары жүдә көп,
Өсип турған бунда шөп,
Ким шешеди балалар,
Пайдаланар тәуип тек.

(*Әдираспан*)

Неге миндин демсйли,
Козғалып я жүрмейди,
Канша байлық берсе де,
Инсанға сыр бермейди.

(*Таў*)

Таўлардан болар сағасы,
Жер, оның сүйген анасы,
Себеби ол болмаса—
Көгермес жер гиясы.

(*суў*)

Барлық әтирап,
Турар жарқырап,
Егер ол болмаса,
Болмайды жасап.

(*Күн*)

Ушканда ушар дизилип,
Жүрмейди жекке бөлинип,
Келерде ҳәм кетерде,
Мәўсимди турар билдирип.

(*Тырна*)

Кетсе де қыста узакка,
Жазда болар қонақта,
Ким шешеди балалар,
Уясы жайда бирақ та.

(*Қарлығаш*)

Басында бар пөпеги,
Ала шапан кийгени,
Өз атын өзи шақырған.
Кайсы кус буны деседи.

(*Өпепек*)

Түрли липас кийинген,
Ишине сырын түйинген,
Сырласып биреў күйинген,
Сырласып биреў сүйинген

(*Китап*)

Суўыкка тоңбайды,
Отқа жанбайды,
Ким шешеди балалар,
Я изиңнен қалмайды.

(*Сая*)

Аяғы жоқ жүреди,
Колы жоқ жүзеди.

(*Балық*)

Кыста тақыр бас,
Жазда қояр шаш.

(*Тал*)

Ишим толған маза
Мениң атым ..

(*Ғоза*)

Ишебер жатып,
Мениң атым...

(*Қатық*)

Өзи кең,
Ҳәммеге тең.

(*аспан*)

Кишкене бойы аласа,
Жүргени кызық балаша

(*Гуржи ийт*)

Колдан түспес иси көп,
Майдалайды ағаш жен.

(*Станок*)

Даладан келер куралып.
Созылып шығар буралып,
Ким шешеди балалар,
Көринбей кетер таралып?

(*Түтин*)

Дүз аңының бириси,
Жағалап үйди жүриси,
Тауық, шөже алады,
Қасқырдың киши иниси.

(*Сағал*)

Келбети тышқанға уқсар,
Күндиз жатып, түнде
ушар.

(*Жарғанат*)

Дөңгеленип шөгип жатар,
Үстинде адамлар жасар,
Тау, тоғайды, теңиз көлди,
Аўқат берип өзи бағар.

(*Жер*)

Турады төрт аякта,
Өз исине өзи пухта.
Алган затын жасырады,
Таза саклар ол биракта

(*Сандық*)

Гейде ток,
Гейде жок

(*Қапшық*)

Жанлы минер жансызға.
Жансыз жүрер жолсызла,

(*Қайық*)

Гүнде жайдым тары сөк,
Азанда көрсем бәри жок.

(*Жулдызлар*)

Гейде майда кумды шашар,
Ҳәмме адам оннан қашар,

(*Дүбелей, дауыл*)

Билинбес қанат қаққаны,
Патас жер излеп тапқаны,
Ким шешеди балалар,
Адамға жақпас шаққаны?

(*Шыбын*)

Басы жок тиси бар,
Орып-жыйнау иси бар...

(*Орақ*)

Майда-майда тиси бар,
Темир менен йси бар,
Балта-пышақ өтпесе,
Өткир етер күши бар.

*(Шар егеў)*

Бир анада,
Он еки ул бар,
Биреўи кетип,
Биреўи қалар.

*(Жыл, он еки ай)*

Пәлпеллеп ушар ҳаўада,
Шөжени алар набада,
Ким шешеди балалар,
Жабайы қус оғада.

*(Шайқус)*

Минези сынық жайдары,
Төбесинде айдары,
Аспанда ушып пәлпеллеп,
Түрли нама сайрары.

*(Пошша торғай)*

Гүўлеп ушып келеди,
Аралап гүлди гезеди,
Адам ушын ол бирақ,
Пайдалы ис етеди.

*(Пал ҳәрреси)*

Теңиз көлге салады,
Үнсиз ғана турады,
Жақынлаған балықтың,
Сағағынан тутады.

*(Аў)*

Ҳәрекетшең тынбайды,
Шаршадым деп айтпайды,
Есапсыз көп болса да,
Өз жолынан шықпайды.

*(Қумырысқа)*

Еки тас биригип,
Қаплап турады,
Қыста жарылып,
Бәҳәрде шығады.

*(Шаңғалақ)*

Ыссыға да көнеди,
Сууыққа да көнеди,
Қайнап турған аўқатты,
Бөлистирип береди.

*(Шөмиш)*

Қазанбай түссе аттан,
Баллары келер тум-тустан,
Жумысты тең бөлисер.
Биреўи бос қалмастан

*(Қасық-табақ)*

# ЖАҢЫЛТПАШЛАР

Ушып-қонар ақ гүбелек,
Тау басында тақ гүбелек,
Төменинде төрт гүбелек,
Гүл ишинде көп гүбелек.

Тал кемирген көп ылақ,
Жағал шүлдир көк ылақ,
Қара мойын ақ теке,
Жайылып кетти қум бетке,
Ақ теке менен көк теке,
Жаңа барды үй бетке.

Шақырауық жуп қораз,
Шақырмайды үш қораз,
Тас кекилли тақ қораз,
Урыстырған оны Ораз.

Суу әкелдим шелек пенен,
Шелегимди телек пенен.
Қырман атып гүрек пенен,
Алып келдим кенеп пенен.

Көк бийемде көк жал тай'
Кер бийем тууды қара тай'
Сарыала бийем, сары тай,
Отлағаны жылға-сай.

Ана көлде қасқалдақ,
Мына көлде басқалдақ,
Сүңгип кетти қасқалдақ,
Батып кетти басқалдақ.

Тайын Оспан үйреткен,
Шылбырын бос сүйреткен,
Үркип жығып үйректен,
Үйирине тай кеткен.

Шақырар газым үйбеттен,
Алмабас үйрек көл беттен,
Киятыр көби өр беттен,
Өрлейди олар неликтен.

Қызыл тары, сары тары,
Сөгин көрсең, бәри сары,
Сипсе тары, қара тары,
Жесең бәри мап-мазалы.

Көлимизде майда шабақ,
Қууанады жемди салсақ,
Уақты менен биз
тойдырсақ,
Демде олар семирежақ.

Жағал ылақтың.
Бир қулағы кесик,
Бир қулағы тесик,
Жүни де өсик.

Пәтикте турған мәкке,
Жеп атыр оны ҳәкке,
Жеп болыпты қалдырмай,
Өткен соң көрсем ҳәпте.

Жантақ шаптым пәттелеп,
Шөптен тердим дәстелеп,
Арқалап келдим әстелеп,
Жыйнадым оны кәстерлеп.

Жигилдик, жийде жеримде,
Екпе жийде елимде,
Ийиси бар гүлинде,
Писсе маза өзинде.

Жайлауымыз Шымшық ой'
Жайғанымыз сансыз қой,
Жѐмелек ой, жалпақ ой,
Болды кеше үлкен той.

# ҚОСЫҚЛАР

## СОНАР

Қар жауғанда,
Ерте азанда,
Сонарға шықты,
Атам, ағам да.

Үкем кийинген,
Олардың изинен,
Үйден шығыўдан,
Бир изди көрген...

Аң аўлауға қумар,
Инимиз Омар,
Қуўған изи пышық екен,
Қалды ол пәнт қумар

## ҚОРҚАҚ

Ағашты кесип Атабек,
Жыйнады жарып қолалап,
Болмады ол ериншек,
Толтырды печти сыналап.

Жанды ағаш жалынлап,
Мылтықтай оты атылды,
Қорыққанынан „апалап,"
Атабек қатты бақырды.

Атылған печте тарсылдап,
Жәнеуит екен жаққаны,
Атабек десе, дауыслап,
Көринди бүгып жатқаны.

## ӘДИРАСПАН

Әдираспан, әдираспан,
Бир атың бар саразбан,
Адамларды дуўалаған,—
Уллы тәўип Улықман.

Әдираспан, әдираспан,
Бир атың бар саразбан,
Ем болсын деп моншағыңды,
Мойынына қызлар таққан.

Кеше ауырған үкемизге,
Сен ем болдың ийт тиймеге,
Талай дәртке даўа болдың,
Сен керексең ҳәммемизге,

## ТӘЙ-ТӘЙ

Кәне тәй-тәй тура ғой,
Тәй-тәй қызым, тәй қызым,
Жуўырып жүрип кете ғой,
Ғаз-ғаз басып ай қызым.

Аппақ-аппақ, аппағым,—
Керек ойнап-шапқаның,
Айналайын қарағым,
Кутлы қәдем атқаның!

MA'LIMLEME ...
9484
229352
...библиотека

## МАЗМУНЫ

Жумбаклар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .
Жаңылтпашлар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .
Қосықлар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .
Сонар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .
Қорқак . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .
Әдирасңан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .
Тәй—тәй . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

**Зийуатдин Заматдинов**

**ЖУМБАҚЛАР**
**ЖАҢЫЛТПАШЛАР, ҚОСЫҚЛАР**

*Қарақалпақ тилинде*

„*Қарақалпақстан*" *баспасы*

*Нөкис—1997*

Редакторы *Т. Даниярова*
Художниги *И. Кыдыров*
Тех. редакторы *К Бекниязов*
Корректоры *Арзыхан Аташева*

ИБ–1980

Териўге берилген ўақты 17. 04 .97. Басыўға рухсат етилген ўақты 16. 06. 97. Қағаз форматы $60x84^1/_{16}$Газеталық қағаз. Әдебий гарнитура. Кегль 12. Жоқары баспа усылында басылды. Көлеми 0,75 б. т. 0,70 шәртли б. т. 0,53 есап б. т. Жәми 2000 нусқа. Буйыртпа №183 Бахасы 16 сум.

„Қарақалпақстан" баспасы, 742000 .Нөкис қаласы Қарақалпақстан көшеси, 9.

Қарақалпақстан Республикасы Баспа сөз бойынша мәмлекетлик комитетиниң Нөкис полиграфкомбинаты, 742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.